



RESOUS KOMINOTÈ

VOTE KÒM YON NOUVO SITWAYEN ETAZINI KISA NOUVO SITWAYEN YO DWE KONNEN

Felisitasyon paske w vin yon sitwayen Etazini! Kounye a ou fin fè sèman sitwayènte w la, ou kapab enskri pou vote epi patisipe nan eleksyon lokal, eta ak nasyonal. Anba a, nou reponn kesyon nouvo sitwayen tankou ou menm souvan poze konsènan vote Ozetazini.

Poukisa mwen ta dwe vote?

- Se dwa w, epi se youn nan fason ki pi enpòtan pou patisipe nan demokrasi nou an.
- Se konsa ou chwazi moun k ap deside kijan pou itilize lajan taks ou yo epi pran desizyon sou sijè ki enpòtan pou ou.
- Se fason ou fè tandè vwa w. Vòt ou konte, epi se sou ti kantite vòt ki chwazi moun yo eli yo.

Nan ki kalite eleksyon mwen ka vote kòm yon sitwayen Etazini?

Eleksyon primè, Jeneral, Dezyèm tou ak Eleksyon espesyal

Pati politik yo òganize eleksyon primè pou chwazi kandida yo. Kandida sa yo vin patisipe nan eleksyon jeneral yo, kote yo eli moun ki genyen an pou pran pòs la. Eleksyon dezyèm tou fèt lè okenn kandida pa gen ase vòt pou genyen. Finalman, yo fè eleksyon espesyal lè yon moun yo te eli kite pòs li sanzatann akòz lanmò, maladi, demisyon oswa nenpòt lòt rezon ki anpeche li fini manda li.

Eleksyon lokal, eta ak nasyonal

Yo fè eleksyon lokal yo pou chwazi lidè lokal ou yo, tankou majistra, manm konsèy lekòl ak manm konsèy vil la. Eleksyon eta yo deside kiyès ki pral dirije eta w la nan pozisyon tankou gouvènè, manm lejislati eta a, ak pwokirè jeneral eta w la. Yo eli moun ki reprezante eta w la nan sena Etazini ak chanm Depite yo nan eleksyon nasyonal yo. Genyen eleksyon nasyonal tou pou prezidan ak vis-prezidan.

Pou ki kalite bagay mwen ka vote?

Pandan yon eleksyon, ou ka vote sou de kalite bagay:

Kandida ki vle vin responsab eli nan nivo lokal, eta, oswa nasyonal.

Mezi oswa pwopozisyon sou bilten vòt la se pwopozisyon pou règleman lokal oswa règleman eta. Anjeneral, gen de opsyon pou vòt ou a: wi oswa non.

Kisa mwen bezwen fè anvan mwen vote?

1. Ou bezwen enskri pou vote

Lè w enskri pou vote, sa vle di w konfime devan administratè eleksyon eta w la ou gen dwa vote paske ou gen plis pase 18 lane epi ou se yon sitwayen Etazini. Ou ka aprann plis sou kondisyon pou vote nan eta w la sou sitwèb sa a: <https://vote.gov/>.

2. Ou bezwen prepare w pou vote

Lè w li pou w aprann sou pwoblèm yo ak sou kandida yo, epi **revize yon egzanp bilten vòt** avan eleksyon an, sa ka ede w. Ou ka jwenn yon gid pou bilten vòt lokal ou a sou [sitwèb](#) sa a. Ou ka pale ak zanmi, fanmi, oswa kominote w la sou pwoblèm yo ak kandida yo nan eleksyon k ap vini an. Ou ka deside ki kote ak kijan ou pral vote.

Ki kote mwen dwe ale pou vote?

Vil ak lokalite Etazini divize an diferan distri vòt, yo rele yo biwo vòt. Chak biwo vòt gen yon kote espesifik kote moun ale pou vote jou eleksyon an. Sepandan, gen plizyè fason pou vote nan eleksyon yo, epi règ yo diferan selon eta ak konte yo. [Sitwèb](#) sa a montre diferan fason ou ka vote nan eta w la.

Vòt “an pèsòn” vle di ou ranpli bilten w lan nan yon biwo vòt ofisyèl. Gen kèk eta ki pèmèt moun k ap vote yo ranpli yon bilten lakay yo anvan jou eleksyon an epi swa depoze l oswa voye l atravè lapòs. Ka gen règ sou kiyès ki ka vote konsa, nan kèk eta, ou dwe konfime ou pa kapab ale fizikman nan yon biwo vòt, pandan nan lòt eta, nenpòt moun ki vle vote atravè lapòs ka fè sa si yo mande yon bilten lapòs oswa yon bilten absan. Gen anpil rezon ki ka fè yon moun vle vote atravè lapòs. Andikap fizik, yon orè chaje, oswa vwayaj nan jou eleksyon an se kèk egzanp.

Kisa m ap itilize pou vote?

Bilten papye. Youn nan fason pou vote se ak yon plim ak yon fèy papye yo rele bilten vòt. [Sitwèb](#) sa a gen yon egzanp bilten pou chak eleksyon nan zòn ou an.

Machin pou vote. Gen kèk zòn ki sèvi ak machin pou vote tou. Machin sa yo vini nan plizyè kalite, chak ak pwòp metòd pa yo pou anrejistre ak konte vòt yo.

Èske mwen ka vote nan yon lòt lang?

Wi. Nan chak eta ak chak konte, moun k ap vote yo ka pote yon moun pou tradui bilten yo oswa pou ede kominike ak travayè biwo vòt yo. Moun sa a pa dwe yon anplwayè oswa yon reprezantan sendika. Nan kèk konte ki gen gwo kominote imigran, biwo vòt yo bay asistans bileng epi yo tradwi materyèl vòt yo. Ou ka wè yon lis konte ki ofri sipò elektoral bileng nan lang Azyatik [la](#), epi yon lis chak konte ki bay asistans lengwistik [la](#).

Kisa pou m fè si yon moun di mwen pa gen dwa vote?

Si nenpòt moun eseye anpeche w vote, ou dwe kontakte yon liy asistans Pwoteksyon nan zafè eleksyon touswit.

- English: 866-OUR-VOTE / 866-687-8683
- Español: 888-VE-Y-VOTA / 888-839-8682
- Asian Languages: 888-API-VOTE / 888-274-8683
- Arabic: 844-YALLA-US / 844-925-5287